

PWOGRAM SIBVANSYON PATNÈ KOMINOTÈ RRF

N ap kreye yon pwogram sibvansyon kominotè pou òganizasyon ki pa pou fèpwofi pou sipòte sansibilizasyon adisyonèl ak èd nan aplikasyon pou Fon Sekou pou Lwaye (Rental Relief Fund) Boston an grasa evènman, sipò teknoloji ak kowòdinasyon ant lokatè ak pwopriyetè yo.

BAKGRAWN

Peryòd lete sa a [Biwo Establiye Lojman \(Office of Housing Stability\)](#) ansanm ak [Laboratwa Inovasyon nan ZafèLojman Majistra a \(Mayor's Housing Innovation Lab, iLab\)](#) ap kreye yon pwogram sibvansyon kominotè pou òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo pou sipòte sansibilizasyon adisyonèl ak èd pou aplike pou Fon Sekou Lokasyon Boston (Boston's Rental Relief Fund) grasa evènman, sipò teknolojik ak kowòdinasyon ant lokatè epi pwopriyetè.

Pèt revni akòz fèmti biznis ak lekòl/gadri timoun yo avèk aksèlimite nan teknoloji pandan tout kriz COVID-19 la ogmante kantite lokatè ki nan difikilte pou peye lwaye epi sa te montre kantite rezidan ki depannde gwoup kominotè ak òganizasyon ki pa pou fè pwodwi yo pou jwenn aksè nan Entènèt pou enfòmasyon ensansyèl konsènan sèvis jiridik, èd lwaye ansanm ak lòt resous prevansyon kont degèpisman.

Aksè nan èd lwaye ann ijans posib menmsi gen sikonstans difisil, lè nou devlope patenary ak gwoup kominotè yo ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo ki kapab ofri aksè nan teknoloji, reponn kesyon konsènan pwogram èd lwaye ak bòdwo pou sèvis leta bay (elektrisite, dlo, telefòn, chofaj, elatriye) epi sipòte lokatè ak pwopriyetè yo pou konpile pake aplikasyon ki fin ranpli yo.

Fon Sekou Lwaye (Rental Relief Fund) vil la pral reyalize objektif distribisyon ekitab li an epi kontribye nan jefò Vil la pou aplike yon lantiy ekite rasyal nan pwogram ki egziste yo, lè nou kolabore ak gwoup kominotè yo ak òganizasyon ki pa pou fèpwofi yo pou devlope relasyon ki baze sou konfyans ak kominote ki difisil pou kontakte, ki gen ladann kominote yo ki pale yon lang ki pa Anglè, kominote imigran yo ansanm ak lokatè ki gen ti revni oswa revni mwayen ki gen aksè limite nan teknoloji.

Pwogram Sibvansyon Patnè Kominotè RRF (RRF Community Partner Grant) la pral sipòte aktivite pou konprann ki estrateji sansibilizasyon, sipò aplikasyon ak apwòch kominikasyon ki ranpli bezwen lokatèak pwopriyetè yo k ap eseye jwenn aksè nan èd lwaye epi ki sipòte travay san rete estaf OHS la ansanm ak lòt patisipan enpòtan yo k ap trete epi distribye peman èd ak lwaye yo. Patnè kominotèki seleksyone yo pral devlope epi mete anplas yon plan sansibilizasyon ak angajman sou 3 mwa pou lokatè ak pwopriyetè yo. Apre yon evalyasyon estrateji sansibilizasyon ak metòd angajman yo, yo gendwa adapte leson yo aprann nan pwogram sibvansyon an pou lòt peryòd sèvis ak patnè adisyonèl.

PREZANTASYON RAPID PWOGRAM SIBVANSYON AN

Powgram sibvansyon sa a ap ofri yon total \$150,000 sou fòm sibvansyon pou ogmante oubyen miltipliye aktivite sansibilizasyon pandan Peryòd Lete 2021 jiska Peryòd Lotòn 2021. Byenke gwo sibvansyon yo pral bay pral varye, aplikan yo gendwa mande jiska \$20,000. Nou prevwa finansman pou jiska 10 òganizasyon pou peryòd lete sa a (Awout 2021- Novanm 2021).

Men sa nou pral bay priyorite a:

- Aplikasyon ki soti nan men antite pou elaji sansibilizasyon entansyonèl ak angajman pou popilasyon espesifik ki kofnwonte ak yon risk san parèy pou degèisman, ki gen ladann kominote ki pale yon lang ki pa Anglè epi fwaye kay ki gen timoun ladann, epi fwaye kay moun Nwa, Afriken-Ameriken, Endijèn ak Moun de Koulè (BAIPOC) yo.
- Aplikasyon yo ki soti nan men òganizasyon ki pa pou fèpwofi nan katye Boston yo ki enpakte san parèy pa enstabilite nan lojman ak risk degèpisman

Kritè Elijibilite Aplikan

- Aplikan yo pswa ajan fiskal ki deziyen yo dwe yon òganizasyon ki pa pou fèpwofi 501(c)3 ki egzanpte fiskalman
- Ajan fiskal yo gendwa aji antanke ajan fiskal pou yonsèl aplikasyon
- Aplikan yo gendwa aplike sèlman pou aktivite angajman ki pral dewoule san rete pandan tout leryòd letè a. P AP GEN okenn finansman ki disponib pou evènman ki rive yonsèl fwa
- Èd pou aplikasyon dwe gratis epi disponib pou tout lokatè yo nan Vil Boston

Egzijans pou Benefisyè yo

Si se ou yo chwazi, men sa y ap mande a:

- Aplikan an ak plan sansibilizasyon/angajman an dwe ap mache nan moman an oswa li dwe ap kòmanse nan dat 16 dawout 2021 oplita epi kontinye jiska 12 Novanm 2021
- Benefisyè alokasyon an ap dwe patisipe nan yon oryantasyon Sekou Lwaye vityèl
- Benefisyè alokasyon yo dwe dakò pou founi rapò chak semèn sou aktivite sansibilizasyon yo
- Benefisyè alokasyon yo dwe soumèt yon rapòfinansye ak pwogramatik 30 jou oplita apre fen peryòd sibvansyon an. Se Biwo Establi Lojman an ki pral founi fòm rapò a.

Yo ka itilize finansman an pou depans ki annapre yo:

- Pèsonèl atan pasyèl oswa atan plen k ap travay eksklizivman pou kowòdone mizanplas aktivite sansibilizasyon ak angajman yo (dotasyon an pèsonèl la ka gen ladann re-alokasyon tan pou yon manm estaf aktyèl)
- Dokiman sansibilizasyon enprime
- Kanpay vityèl/medya
- Teknoloji pou fasilite priz kontak ak lokatè epi pwopriyete yo (mesaj SMS, tablèt/laptòp, elatriye.)

KIJAN POU APLIKE

Y ap aksepte aplikasyon yo jiska vandredi 30 jiyè.

Lèt opòtinite

Èske ou enterese jwenn aksè nan dokiman pou Fon Sekou Lwaye oswa pou òganize yon fòmasyon pou òganizasyon ou an osijè resous establi lojman ki disponib nan Vil Boston? Tanpri enskri [isit](#).